

Yon chanjman non kapab yon etap enpòtan pou yon moun soti nan yon move sitiwayon, adopte yon non ki enspire l, oubyen chwazi yon non ki pi asosye avèk idantite sèks yon moun. Gen yon pwosesis legal pou mande yon chanjman non nan sistèm tribinal la.

Gen plizyè fason pou chanje yon non:

- Yo ka chanje non yon adilt pandan yon ka divòs oubyen lè yo depoze yon petisyon pou chanjman non.
- Yon paran ka chanje non pitit li nan kad yon adopsyon, yon divòs, yon ka patènite, oubyen lè li depoze yon petisyon pou chanje non timoun nan.

Jwenn yon Chanjman Non

Pou chanje non ou oswa non pitit ou a nan kad yon ka Adopsyon, Disolisyon Maryaj, oswa Patènite, ou dwe mete demann pou chanjman non an ak petisyon ou an (dokiman inisyal ou dwe depoze nan ka ou a) oswa kont-petisyon an.

Petisyonè: pati ki te depoze ka a nan tribinal la.

Repondan: pati kont ki moun petisyon an depoze a.

Kont-petisyon: repondan an ka depoze yon petisyon epi mande yon soulajman oswa yon aksyon ki pa te mande nan petisyon an.

Chanjman non nan yon ka divòs.

Ou ka chanje non w pandan pwosesis divòs la. Tribinal Florid yo ap pèmèt yon mari oswa madanm chanje non l tounen pou l pran ansyen non l san okenn frè adisyonèl lè yo fè demann lan. Si ou vle chanje non w, ou dwe mande espesyalman pou yo chanje non w nan Petisyon pou Disolisyon Maryaj ou a oswa nan Kont-petisyon pou Disolisyon Maryaj ou a, sinon jij la p ap gen otorite pou chanje non w. Chanjman non an vin efektif yon fwa jij la siyen jijman final la pou divòs la.

Si yo pa chanje non w pandan pwosedi Disolisyon Maryaj la, oubyen si w deside tann yon ti tan pou w pran desizyon sa a, gen yon lòt ka apa ou ka depoze (pita) pou chanje non w legalman. Sa ap kreye yon ka konplètman apa de ka Disolisyon Maryaj ou a, epi sa ap mande kèk lòt etap. Ou toujou gen yon opsyon legal ak yon pwosesis disponib pou chanje non w pita.

Gade Disolisyon Maryaj

Chanjman non nan yon ka patènite.

Nenpòt pati nan yon ka patènite ka mande pou chanje non timoun nan. Moun ki fè petisyon an ka fè demann sa a nan Petisyon an oubyen moun ki reponn lan ka fè demann nan nan Kont-petisyon an.

Kisa ou bezwen fè?

Chanjman Non pou Adilt

Pou chanje non ou antanke adilt, ou dwe depoze yon Petisyon pou Chanjman Non (Adilt) **Fòm 12.982(a)**

Anvan ou jwenn yon odyans sou petisyon w lan, ou **dwe** soumèt anprent ou pou yon verifikasyon dosye kriminel nan eta a ak nan peyi a.

- Anprent yo nesèsè pou anpeche moun ki gen manda kriminel aktif chanje non pou yo evite lapolis.
- Yo dwe soumèt anprent yo bay Depatman Lapolis Florid pou yo ka verifye dosye yo.
- Yon fwa verifikasyon dosye yo fini, depatman an ap avize w epi depoze rezilta yo nan tribinal la.
- Sèl eksepsyon pou egzijans anprent la se si w ap chèche retabli yon ansyen non legal. Pa egzanp, si ou chwazi pou pa retabli non jèn fi ou kòm yon pati nan yon ka Disolisyon Maryaj epi ka sa a fèmen, ou ka kapab retabli non jèn fi ou lè w depoze yon petisyon pou yon chanjman non.

Jwenn yon dat pou odyans lan.

Yon fwa ou fin verifye dosye anprent ou yo, ou ap gen pou jwenn yon dat pou odyans lan avèk jij la. Ou pral fè sa lè w kontakte asistan jidisyè jij ki te afekte a ka ou a oswa lè w kontakte yon manm nan divizyon dwa fanmi Grefye Tribinal la. Yo ka fikse yon odyans oswa yo ka pa fikse l, sa depan de jij ki te afekte a ka w la. Gen kèk jij ki ka deside aksepte petisyon w lan san yo pa bezwen prezans ou.

Si tribinal la fikse yon odyans sou ka w la, jij la ka vle w pote yon lòd tribinal pou yo siyen. Ou ka jwenn yon fòm pou lòd tribinal sa a sou sit entènèt Tribinal Siprèm Florid la; espesyalman, fòm nan gen tit Jijman Final sou Chanjman Non (Adilt), Lwa Fanmi Apwouve pa Tribinal Siprèm Florid la [**Fòm 12.982\(b\)**](#).

Chanjman Non Minè

Pou chanje non yon timoun minè oswa plizyè timoun, ou dwe depoze yon Petisyon pou Chanjman Non (Timoun Minè) [**fòm 12.982\(c\)**](#).

Akò Paran yo ak Konte Rezidans yo ye a.

Nan yon sitiyasyon kote tou de paran yo dakò pou chanje non yon timoun, epi yo tou de ap viv nan menm konte a, paran yo ka depoze petisyon an ansanm kòm ko-petisyonè. Lè w fin depoze fòm nan nan biwo grefye a, ou ta dwe fikse yon randevou pou odyans lan lè w kontakte asistan jidisyè jij ki afekte a ka w la oswa lè w kontakte yon manm nan divizyon dwa fanmi Grefye Tribinal la. Nan kalite sitiyasyon sa yo, gen anpil chans pou yo aksepte petisyon an.

Si se sèlman youn nan paran yo ki mande pou chanje non, oubyen si w ap viv nan yon konte diferan de lòt pati a, mande konsantman lòt paran an. Si lòt paran an bay konsantman, li ka ranpli fòm Konsantman pou Chanjman Non (Timoun Minè) an [**fòm 12.982\(d\)**](#), ke moun ki fè petisyon an ka depoze nan tribinal la. Lè youn nan paran yo depoze petisyon an epi lòt paran an bay konsantman, gen anpil chans pou yo aksepte petisyon an.

Si youn nan paran yo ap viv andeyò konte ka a epi li pa bay konsantman l, paran ki fè petisyon an dwe fè yo voye lòt paran an ak Petisyon an ansanm ak yon avi odyans lan.

Sèvis Somasyon pou lòt paran an.

Sèvis somasyon an ka vini sou de fòm:

1. sèvis pèsònèl oubyen

- Sèvis pèsònèl vle di ke yon moun ki sèvi ak dokiman yo oswa yon adjwen cherif te bay paran ki pa t bay konsantman an dokiman yo.
- Biwo grefye lokal ou a ka enfòme w si biwo cherif lokal la bay sèvis nan kalite ka sa yo.

2. sèvis konstrikatif.

- Itilize si ou pa kapab lokalize paran ki pa bay konsantman an.
- Pou some yon moun yon fason konstrikatif, ou pral oblije fè plizyè travay pou eseye jwenn kote lòt pati a ye. Travay sa yo enplike ale nan plizyè ajans gouvènman tankou DHSMV, USPS, prizon lokal yo, ak militè a — ansanm ak antite non-gouvènman tankou lopital — pou lokalize lòt pati a.
- Ou ta bezwen kenbe prèv dokiman ki montre efò ou yo epi depoze yon Afidavit pou Rechèch ak Ankèt Dilijan nan Tribinal la.
- Ou dwe gen yon avi sou ka a pibliye nan yon jounal lokal pandan kat semèn konsekitif.

Sèvis konstrikatif trè konplèks, epi li pi bon pou konsilte yon avoka epi [chapit 49 nan Lwa Florid yo](#) anvan ou depoze ka a.

Tribinal yo ap konsidere pi bon enterè timoun nan.

Si tou de pati yo dakò pou chanjman non an oubyen si sèvis la fini pou paran ki pa bay konsantman an jan sa dekri pi wo a, tribinal la ka fikse yon odyans final. Tribinal la ap detèmine si li "nan pi bon enterè timoun nan" pou pèmèt chanjman non an. Se poutèt sa, anvan ou aplike pou yon chanjman non pou pitit ou a, ou ta dwe seryezman reflechi sou kijan ou ta diskite bay yon jij ke yon chanjman non ta nan pi bon enterè sikolojik ak emosyonèl pitit ou a.

Chanjman Non Fanmi

Pafwa yon paran pa sèlman vle chanje non pitit li a, men yo vle chanje non pa yo tou. Petèt fanmi an ap eseye gen yon nouvo kòmansman apre yon ensidan twomatizan, oubyen yo deside pran non yon lòt manm fanmi an. Kèlkeswa rezon an, yon fanmi ka chanje non paran yo ak non timoun yo nan yon sèl ka chanjman non.

Pou depoze yon petisyon pou chanje non fanmi pou tout fanmi ou, ou dwe depoze yon Petisyon pou Chanjman Non (Fanmi), [fòm 12.982\(f\)](#).

Tout règ ki diskite pi wo yo aplike pou petisyon chanjman non ou an.

- Nenpòt adilt k ap eseye chanje non, sof si li t ap retabli yon ansyen non, bezwen pran anprent li epi fè yon verifikasyon sou dosye kriminel li.
- Pou chanje non timoun nan, lòt paran an bezwen bay konsantman l oswa resevwa yon avi sou petisyon an ak dat odyans lan.
- Lè tribinal la ap mande pou chanje non pou yon minè, li pral konsidere si chanjman non an nan pi bon enterè timoun nan.

Bagay pou w konsidere

Kenbe nan tèt ou anvan ou kòmanse ranpli papyè ou yo ke yon chanjman non ap koute apeprè \$400 an frè pou Grefye Tribinal lokal ou a. Ou ka kalifye pou yon egzansyon frè lè w ranpli yon Aplikasyon pou Detèminasyon Sitiyasyon Endijan Sivil.

- Nan sèten sitiyasyon, tribinal la ka egzante w de frè depo chanjman non w la, sa yo rele yon egzansyon frè depo.
- Si ou pote Aplikasyon pou Detèminasyon Eitati Sivil Endijan an avèk ou lè w ap depoze petisyon w lan, grefye a ta dwe di w byen vit si ou kalifye pou egzansyon frè a.
- Grefye a p ap depoze petisyon w lan jiskaske yo apwouve egzansyon frè a oswa jiskaske ou peye frè depo a ki nesèsè a.
- Si grefye a refize egzansyon frè a, ou ka chwazi pou pa depoze petisyon an, epi depoze l pita lè w pare pou peye frè a.

Souvan, petisyon pou chanje non yo mande pou ou revele anpil enfòmasyon pèsònèl tankou ansyen non, kote ou te rete, manm fanmi, ak sitiyasyon travay oswa ansyen

pwofesyon ou pwofesyon aktyèl ou yo. Dokiman ki depoze nan tribinal la se dosye piblik, epi se sèlman sèten kalite enfòmasyon ki ka pwoteje. Pa egzanp, nimewo sekirite sosyal ak non timoun yo pa ta dwe disponib piblikman. Grefye adjwen ki revize dokiman ou yo ta dwe okouran de sa, men pou asire ke enfòmasyon prive ou yo pa fini sou entènèt la pou tout piblik la wè, ou ta dwe depoze yon Avi pou Depoze Enfòmasyon Konfidansyèl. Dokiman sa a pral fè grefye adjwen an okouran de dokiman ak enfòmasyon espesifik ou vle asire w ke yo pwoteje.

Additional Resources

- [Chanjman Non nan Florid](#)